



# FICH ENFÒMASYON #1

Apèsi sou RAD



## Kisa RAD la ye?

RAD vle di Demonstrasyon Asistans Lwaye RAD se yon zouti ki deplwaye pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) pou adrese pwoblèm lavi nan pwopriyete lojman publik yo. RAD pèmèt otorite lojman publik yo "konvèti" sibvansyon lojman publik la an sibvansyon Seksyon 8 ki lye a pwopriyete a. **Fich enfòmasyon sa yo fèt pou rezidan pwopriyete lojman ki kapab ap patisipe nan RAD.**



## Poukisa yo te kreye RAD?

Pwopriyete lojman publik yo atravè peyi a bezwen plizyè milya dola pou peye reparasyon sistèm ki brize oswa ranplasman aparèy ki demode. Otorite lojman publik yo (PHA) pa gen ase lajan pou kenbe pwopriyete lojman publik nan bon kondisyon epi fè reparasyon nesesè yo. An konsekans, anpil rezidan lojman publik nan tout peyi a te wè pwoblèm pwopriyete yo anpire.

RAD te kreye pou pèmèt PHA yo gen aksè a sous finansman adisyonèl pou antretyen, reparasyon, ak ranplasman pwopriyete lojman publik yo. Apre konvèsyon RAD la, gouvènman federal la kontinye bay asistans pou lwaye gras a yon kontra Seksyon 8 pou asire pwopriyete a toujou rete abòdab; rezidan yo kontinye benefisyè menm dwa ak pwopteksyon yo te genyen nan kad pwogram lojman publik la.



## Kisa konvèsyon RAD la ye?

**Yon konvèsyon RAD** se pwosesis pou chanje fason yon pwopriyete resevwa sibvansyon lwaye ki soti nan pwogram Lojman Piblik la ale nan pwogram Seksyon 8 ki Baze sou Pwojè a.



### Kisa PHA yo dwe fè nan yon KonvèsyonRAD?

Egzijans PHA dwe respekte yo pou yon pwopriyete lojman publik patisipe nan RAD la dekri Avi Aplikasyon RAD la ki pibliye pa HUD (PIH 2019-23/H 2019-09). Gen ladan yo:

- PHA a dwe konsilte rezidan yo padan tout pwosesis konvèsyon an epi konsilte kominate ak Konsèy Konsilitatif Rezidan yo (RAB) atravè pwosesis Plan PHA.**
- Yo paka deplase okenn rezidan kont volonte I. Chak rezidan gen dwa rete nan pwopriyete a oswa retounen nan pwopriyete a si demenajman tanporè nesesè pou konplete reparasyon yo oswa konstriksyon an.**
- PHA dwe montre I ap repare oswa ranplise atik ki brize oswa demode nannan pwopriyete a.** Pandan yon enspektè pral iddantifye atik ki bezwen ranplase repare yo, nou ankorage rezidan yo pou kominiye pwoblèm yo konnen yo dirèkteman bay PHA a.
- Inite lojman publik dwe ranplase youn-pou-youn, avèk eksepsyon limite.** Sa vle di jeneralman dwe gen menm kantite lojman abòdab yo ki disponib apre Konvèsyon RAD la. HUD pèmèt eliminine apatman ki te vid padan 2 aneoswa plis, pèmèt rediksyon jiska 5% nan montan total inite lojman abòdab la, epi pèmèt inite lojman an konvèti an espas kominotè pou sèvis. Sepandan, rediksyon sa yo ra.
- PHA oswa yon òganis ki pa la pou fè pwofi dwe kontinye posede de oswa kontwole pwopriyete a apre konvèsyonRAD la.** Nan pi fò ka yo PHA kontinye posede pwopriyete a dirèkteman. Nan sèten ka, PHA pral fè patenarya avèk lòt founisè lojman abòdab.
- Tout pwopriyete yo antre nan kontra Seksyon 8 alontèm (15-20 ane) ki dwe renouvre chak fwa liekspire.** Sa garanti pwopriyete a pral rete abòdab tout tan.
- Rezidan yon konsève menm dwa debaz yo apati de lojman publik la epi genyen yon novo dwa pou mandeyon koupon “mobilite chwa”.** Apre yo fin viv nan yon pwopriyete RAD pandan 1 oswa 2 ane, yon fanmi ka mande yon koupon yo ka itilize pou lwe yon lojman kalifye ke yo chwazi. Avèk koupon an yo pral kontinye peye 30% nan revni ajiste yo pou lwaye.loyer.

Sa yo ak anpli lòt sijè trete nan rès fich enfòmasyon yo.



### Èske m pral konsève Asistans pou Lwaye m nan?

Nan yo mo.... Wi. **Okenn rezidan pa ka deplase san li pa vle oswa peye yon lwaye ki pa abòdab.**

Rezidan lojman publik k ap patisipe nan RAD yo gen garanti y ap kontinye gen dwa a asistans pou lojman. Tout rezidan yo pral swa rete nan pwopriyete yo a , oswa si demenajman tanporè nesesè pou fè reparasyon yo, pou yo ofri yo opòtinite pou retounen nan pwopriyete a apre reparasyon yo fini. Rezidan yo kapab tou chwazi aksepte yon opsyon lojman altènatif si yo ofri yo sa. **Rezidan yo nan kad lwaye nan pwogram lojman publik la pa ka reverifye lè pwopriyete a vin reji pa yon kontra Seksyon 8.**



### Èske RAD pral afekte Lwaye mwen?

**Pi fò rezidan yo p ap gen ogmantasyon lwaye akoz RAD.** Menm jan ak pi fò lojman publik yo, rezidan Seksyon 8 peye 30% nan revni yo pou lwaye ak sèvis publik. Antanke lojman publik, lwaye w la pral ogmante si revni w ogmanteepi diminye si revni w diminye.

Sepandan, si aktyèlman w ap peye yon "lwaye fòfetè" nan lojman publik, lojman w lan ap pase a 30% nan revni w. Nan ka sa yo, nouvo lwaye w la ka echelone sou yon peryòd 3 a 5 ane, ki vle di ou pral peye yon ti kras plis chak ane jiskaske w ap peye 30% revni ajiste w pou lwaye. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #6 la: Lwaye**)



### Èske m ap gen pou demenaje?

Pi fò reparasyon ki fèt nan kad RAD pèmèt ou rete lakay ou pandan konstriksyon an. Sepandan, sèten apatman ak bilding bezwen reparasyon ki pi enpòtan ki mande pou rezidan yo demenaje pandan konstriksyon an.

Nan ka sa yo, PHA pral peye pou demenajman tanporè epi ou pral pwoteje pa Règ demenajman RAD yo. Ou pral gen dwa **pou retounen** nan pwopriyete a yon fwa konstriksyon an fini.

Si konstriksyon nan pwopriyete w la pran plis tan, PHA ka ofri w lòt opsyon lojman, tankou yon lòt inite lojman publik oswa yon **koupon lokatè** ke ou ka itilize pou lwe yon kay kalifye ke ou chwazi epi kontinye peye 30% nan revni w pou lwaye. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #9 la: RAD ak Demenajman**)



### Èske RAD pral afekte Dwa mwen nan Kad Lwaye m nan?

RAD konsève pwosesis ak dwa rezidan an nan kad lojman piblik la, ki gen ladan:

- Mande renouvèlman lwave, eksepte avèk rezon valab (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #7 la: Lwave w la**)
- Yon dwa pou òganize ak gen aksè a fon patisipasyon lokatè a pou sipòte rezidan nan òganizasyon ak patisipasyon (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #8 la: Òganizasyon ak Finansman Rezidan**)
- Pwosedri pou tandem revandikasyon ak doleyans epi delè minimòm pou yo avize w si asistans ou an ap fini (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #10 la: Dwa pou Doleyans ak Rezilyasyon Rezidan**)
- Patisipasyon kontinyèl nan FSS, ROSS, or Jobs Plus, pandan finansman an rete disponib. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #11: Oto-Sifizans Familyal & Opòtinite ak Oto-Sifizans Rezidan**)

RAD bay rezidan yo tou yon nouvo dwa siyifikatif pou mande yon koupon “mobilite chwa” pou lokatè. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #12 la: Mobilite Chwa**)



### Kiyès ki pral posede ak jere pwopriyete a?

Pi fò men pa tout lojman piblik yo posede pa yon otorite lojman piblik (PHA) epi pi fò, men pa tout, pwopriyete ki konvèti an RAD yo posede tou pa yon PHA. Pafwa, mèt pwopriyete a chanje atravè RAD. Sepandan, nan tout ka yo RAD mande pou yon antite piblik, jeneralman PHA a, oswa yon òganis ki pa la pou pwofi konsève posesyon oswa kontwòl pwopriyete a. Nan sèten ka, patikilyèman lè PHA ap itilize pwogram Kredi Enpo Lojman Revni Ba a (LIHTC) pou finanse reparasyon yo, PHA a ka fè patenarya avèk lòt òganizasyon lojmanpou yo posede pwopriyete a ansanm. Jan li ye pou sèten lojman piblik jodi a, PHA ka fè patenarya avèk yon lòt konpayi, tankou òganis ki pa la pou pwofi, pou jere pwopriyete a jou apre jou.



### Kijan Mwen ka Enplike?

HUD ankouraje rezidan yo ak PHA yo travay ansanm pandan pwosesis konvèsyon RAD la. PHA yo oblige òganize reyinyon avèk rezidan yo epi voye avi nan diferan etap pwosesis konvèsyon an pou edike rezidan sou RAD epi bay mizajou sou plan yo. Yon fwa aplikasyon RAD la aksepte, HUD ankouraje PHAs yo òganize reyinyon avèk rezidan yo chak twa mwa. Pandan reyinyon sa yo, ou ka **enfòme sou plan konvèsyon yo, poze kesyon, eksprime enkyetid, ak fè kòmantè**. PHA dwe soumet kòmantè w la ak repons li yo bay HUD. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan**)



### Kijan PHA Pral Asire Tout Moun Ka Patisipe nan Pwosesis RAD la

PHA dwe bay preyavi adekwa sou reyinyon yo epi travay pou redui baryè pou patisipasyon rezidan yo. Pa egzanp, nan bay swen timoun oswa rafrechisman. Reyinyon yo ta dwe pratik (kote ak lè) pou rezidan yo epi aksesib pou rezidan ki gen andikap yo.

Avi ak materyèl reyinyon yo dwe disponib nan fòma aksesib. PHA yo dwe itilize komunikasyon efikas pou moun ki gen andikap san bliye bay materyèl nan fòma altènativ apwopriye (Braille, gwò karaktè, imèl aksesib, elatriye.), epi bay entèprèt lang siy ak aparèy èd pou tande nan reyinyon yo jan sa nesesè. Reyinyon elektwonik (vityèl) oswa reyinyon adomisil yo ta dwe fèt lè sa nesesè.

PHA dwe bay aksè siyifikatif a pwogram ak aktivite li yo pou moun ki gen kapasite limitepou li, pale, oswa konprann Anglè. Asistans lengwistik ka gen ladan tradiksyon avi yo ak entèpretasyon oral reyinyon yo.



### Ak kiyès Mwen Ka Pale Si m Gen Kesyon?

Ou ta dwe pale ak yon reprezantan PHA si w gen kesyon espesifik sou pwosesis konvèsyon RAD la ak plan espesifik pou pwopriyete w la. Ou ka tou adrese kesyon yo bay HUD nan [rad@hud.gov](mailto:rad@hud.gov) epi anpl-waye Biwo Rekapitalizasyon an pral reponn lè yo konfime resepsyon an epi endike nouvo etap yo.



**Chicago, IL:** Yon rezidan renmen kwizin li ki fèk renove a nan Apatman Fannie Emmanuel Bilidng 181 aootman pou granmoun aje yo te premye konvèsyon RAD pa Otorite Lojman Chikago a.